

**NGABANDINGKEUN KAMAMPUHAN PANGARTI MATEMATIS SISWA SD
NGAGUNAKEUN METODE JARIMATIKA JEUNG PERKALIAN NYUSUN DI
SAKOLA DASAR**

**Ku
PIPIT PATIMAH
155060021**

Ringkesan

Pananglutikan ieu dijieun kusabab kurangna pangarti barudak di sakola dasar ngeunaan wilangan perkalian. Tujuanana tina ieu pangajaran teh nyaeta supaya nyaho gambaran kamampuan matematika barudak kelas handap dina materi wilangan perkalian anu ngagunakeun metode jarimatika jeung perkalian nyusun. Metode dina pananglutikan ieu make metode kuantitatif, kalayan desain anu dipake na nyaeta kuasi eksperimen jeung anu dipake conto nyaeta barudak kelas IIIA salaku kelas kontrol, kelas IIIB salaku kelas eksperimen di SD 119 Cijagra Kota Bandung. Dumasar kana hasilna tina pananglutikan ieu tiasa dicindekkeun: 1) Teu aya beda na antawis anu ngagunakeun metode jarimatika jeung perkalian nyusun anu dibuktikeun pake uji hipotesis independent test kalayan hasilna $0.502 > 0.05$. 2) Kualitas ningkatkeun pangarti matematis barudak teh aya bedana antawis metode jarimatika jeung perkalian nyusun, ieu tiasa ditingal tina hasil test anu dipake na nyaeta $N\text{-gain } 0,00 < 0,05$, ku kitu na tiasa disimpulkeun yen aya paningkatan anu alus di kelas kontrol jeung eksperimen. Hasil rata-rata di kelas eksperimen nyaeta 52% kalayan aya dina interpretasi kategori anu sedeng. Bisa disebut anu pake metode Jarimatika leuwih hade. sahingga metode jarimatika tiasa disebut langkung hade.

Kecap Pamageuh: Metode Jarimatika, Pangarti Matematis, Perkalian nyusun.